


Enplan nan bra a

Enplan, Nexplanon, enplan pou fè planin



Kijan enplan an fonksyone ?



- Enplan an gen ladan I **òmòn pwojestin** ki anpeche ovilasyon (kidonk pa gen ze ki libere, pou espèm nan ta feconde), epi ki fè mikis nan kòl matris la vin pwès (sa ki anpeche espèm deplase antre nan matris la).
- Enplan an mache pou moun ki gen **nepòt pwa, nepòt laj, ak moun k ap fè terapi avèk òmòm, pou afime idantite sèks yo.**
- Enplan an se yon ti baton fleksib ki gen longè yon grenn alimèt.

Kijan pou w itilize enplan an ?

replase I chak
3 - 5 kan

Ou dwe **al wè yon pwofesyonèl lasante** pou w kòmanse ak sispann itilize enplan an.

Yon fwa yo mete enplan an nan bra ou, pa gen anyen ou dwe fè pou w pa ansent, jiskaske lè a rive pou yo ranplanse li.

- Pou mete I :** Se yon pwofesyonèl lasante k ap mete **enplan anba po bra ou, nan pati anba a**. Y ap ba ou yon piki anestesi nan bra ou, avan pwosedi a kòmanse, pou w pa santi doulè, lè y ap mete enplan an. Pwofesyonèl lasante a ap itilize yon aplikatè, pou antre enplan an anba po ou. Apresa, pwofesyonèl lasante w la ap bande bra ou. Lè efè medikaman anestesi a pase, ou ka santi yon doulè nan bra ou, pandan I ap geri, menm jan ak mak san, kote yo te ba ou piki a. Yon fwa yo mete enplan an, ou pa p ka wè I ; men ou ka santi I, si ou touche bra ou.
- Pou retire I :** Menm lè enplan an ka rete pou 3 a 5 kan nan bra ou, **ou ka fè retire I nepòt lè ou vle, pou kèlkeswa rezon an.** Al wè pwofesyonèl lasante ou, lè ou vle retire li. Y ap ba ou yon piki anestesi nan bra ou, avan pwosedi a kòmanse, pou w pa santi doulè. Y ap fè yon ti koupe nan bra ou, epi y ap fè enplan soti kote yo koupe a. Si ou ta renmen fè mete yon lòt enplan pou ou, nan menm vizit la, ou ka fè sa. Y ap bande bra ou. Lè efè medikaman anestesi a pase, ou ka santi yon doulè nan bra ou, kote yo te retire enplan an.



Entimate ak kontwòl

- Ou bezwen yon pwofesyonèl lasante, pou w kòmanse ak sispann itilize enplante an.
- Li posib pou moun santi enplan an, si li touche bra ou, men li pa p ka wè li.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Yon lòt moun pa p ka wè si w ap itilize metòd sa a.
- Si gen nepòt lòt moun, k ap suiv lè ou gen règ ou, li ka remake yon chanjman nan lè w gen règ ou.

Lè w kòmanse avèk enplan an, èske I ap fè efè imedyatman ?



Lè w kòmanse ak enplan an, nan espas 5 jou apati premye jou règ ou a kòmanse a, enplan an ap fè efè imedyatman. Si w ap bay san, e ou pa sèten si se règ ou genyen, ou ka itilize yon metòd bakòp pandan yon semèn.



Lè w kòmanse nepòt lòt lè a, enplan an ap pran 1 semèn, pou l fè efè. Nan semèn sa a, itilize yon lòt metòd planin adisyonèl.



Enplan an gen dwa pa apwopriye pou moun ki gen, oswa ki te gen

- Kansè nan tete
 - Lipis ak antikò pozitif, oswa antikò moun pa ko konnen
- Lis sa a pa konplè, kidonk pale ak pwofesyonèl lasante w la, sou sitiyasyon sante ou, avan w kòmanse avèk metòd sa a.




Itilize planin an ijans, si

Kòm pa gen erè moun k ap itilize materyèl enplan an ka fè, **pa gen yon sitiyasyon kote yo rekòmande pou w itilize planin an ijans**, menm si ou ka fè sa san danje.

Èske enplan an bon anpil pou anpeche gwosè ?

- **Mwens pase 1 nan 100 (ki vle di : 0,1) moun ki itilize enplan an ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di liefikas a 99,9%.
- Piske pa gen anyen pou w fè, pou w pa ansent, yon fwa yo mete enplan lan, pa gen erè moun k ap itilize enplan lan ka fè, ki ka fè yon diferans ant itilizasyon nòmal e itilizasyon pafè.
- Gen kèk medikaman ki ka fè enplan an pa mache twò byen.



Efè segondè

Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks : Yo pa p anpeche yo.

- Itilize kapòt ekstèn oswa entèn yo, pou diminye risk pou w pran tout enfeksyon ki transmèt nan fè sèks yo.

Règ : Ka afekte.

- Materyèl enplante a ka lakoz ou bay ti san pandan plizyè jou, nan entèval règ ou.
- Enplan an ka lakòz règ ou vin on tikras
- Enplan an ka lakoz ou sispann gen règ ou. Sa rive kay apeprè 22% moun. Li kòrèk pou enplan an fè w pa gen règ.

Doulè lè w gen règ : Li ka diminye

Pwa : Ka lakoz ou pran pwa.

Akne : Ka vin pi mal.

Ou vin ka fè pítit ankò : Lè w sispann itilize enplan an, ou ka vin ansent tousuit.

Kèk lòt efè segondè ki posib :

- Maltèt
- Doulè nan tete, doulè nan vant, oswa nan do
- Kè plen
- Têt vire
- Doulè kote enplan an te ye a
- Redui ekip sentòm pil kis nan ovè a (sig anglè a: PCOS), oswa tisi anndan matris la ki soti deyò l (endometriyz) lakòz.

Enplan an ka ede diminye risk pou fè : kansè nan matris ; kansè nan ovè



Itilizasyon apre akouchman

Ou **ka itilize enplan an, san danje, tousuit aprè akouchman.** yo can mete l, avan w kite lopital la. Li pa gen efè sou lèt w ap pwodui, sou bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe.



Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Senyen plis pase dabitud
- Gwo doulè anba ti vant
- Reyaksyon alèji : pwoblèm pou respire, oswa bousòl sou po w
- Doulè ki dire lontan, pati ki wouj, gratèl, pi, oswa senyen kote yo te mete enplan an.

? Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- E si ou pa ka santi enplan an ankò ?
- E si ou vle sispann itilize enplan an, avan 3 a 5 kan an rive ?
- Pou konbyen tan mak san sou po m nan, ak kote m pa santi anyen an, ap rete ?

Tcheke yon gid sou planin, ak papye ki gen enfòrmasyon sou chak metòd planin yo.

